

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè *Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national

BP 1572

Port-au-Prince Haïti 6110

Tel / Fax 222 78 99

justicepaixha@yahoo.com

jilap.national@forumcitoyen.org.ht

www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Pwopozisyon Jilap fè pou sistèm eleksyon nan peyi a kab vin pi bon

Komisyon an kontan renmèt bay laprès 2 dokiman sou obsèvasyon elektoral la Komisyon an te fè nan lane 2006.

Premye dokiman an, se yon tèks an franse ki rele : Rapport d'Observation Electorale. Nan dokiman sa a nou fè yon ti analiz sou fason eleksyon yo te dewoule, depi 7 fevriye, pase nan 21 avril rive nan 3 desanm 2006 (gade paj 65). Apre sa, tèks la bay divès pwopozisyon Komisyon an fè ak pi gwo rezon ki fè l pwopoze tèt ou tèt bagay.

Dezyèm dokiman an reprann tout pozisyon piblik Komisyon an te pran, depi lè y t ap diskite dekrè elektoral la nan finisman lane 2005, rive nan mwatye mas 2007 lè KEP la te anonse y ap reprann eleksyon lokal yo nan plizyè kote nan peyi a.

Nan ti dokiman kreyòl sa a nou renmèt laprès la nan okazyon konferans sa a, nou annik reprann pwopozisyon yo Komisyon fè KEP la, Gouvènman an ak pati politik yo..

KEP la te fè gwo jefò pou òganize eleksyon 2006 sa yo. Nou salye jefò sa a. Pwosesis la make yon bèl avansman ak jan eleksyon yo te fèt anvan. Yo te pran tan pou konte vòt yo ; mete tout rezilta yo ansanm ; koute kontestasyon (sitou apre eleksyon 3 desanm yo), el. Manm BV yo te montre anpil volonte pou fè yon bon travay.

Te genyen anpil iregilarite ak tantativ pou fè magouy. Sa k pi grav, anpil kandida e menm reprezantan Leta pa t montre yo fè eleksyon konfyans, pou jan yo te wè l nesè al kreye twoublay. Plizyè kote menm KEP la te blije anile eleksyon an.

Komisyon an te prezan nan plis pase 244 lokalite ou sant vòt ; epi li te genyen plis pase 1200 obsèvatè sou plas.

Pandan tout tan eleksyon t ap fèt, Komisyon Jistis ak Lapè a te gade kèk pwèn yon fason espesyal :

- Fason yo trete kesyon **moun nan seksyon kominal yo**. Yo te gen plis difikilte pou jwenn kat elektoral yo. 800.000 moun pa t jwenn yon kat elektoral. Se sitou abitan seksyon kominal yo ki nan pwoblèm sa. Yo te jwenn plis difikilte tou pou vote pou fason sant yo te plase. Anpil feblès teknik nan òganizasyon eleksyon an genyen konsekans pou sitwayen sa yo.
- **Moun ki pa konn li ak ekri yo**. Depi lè yo t ap fè dekrè elektoral la, Komisyon an te mande pou moun ki bezwen èd te kapab chwazi yo menm yon moun pou ede yo. KEP la pa t swiv demann nan. Moun sa yo te gen plis difikilte pou jwenn non yo sou lis elektoral yo. Anpil nan yo pa te kab vote ; anpil vòt te envalid ; lè yo mande èd sa te kreye anpil dezòd ak yon okazyon pou fè magouy ; sekrè vòt yo pa t asire. KEP la te deside pou yo pa te ede yo, men pa t genyen yon edikasyon sivik adapte e masif pou esplike yo ki jan yo te kapab patisipe kòm sitwayen reskonsab.
- **Kesyon edikasyon sivik la**. Nou panse li pa t sifi ditou pou reponn gwo defi yon eleksyon genyen ladan l : motivasyon sou wòl ak enpòtans li nan lavi politik peyi a ; enfòmasyon sou aspè teknik yo.
- **Konpòtman kandida, mandatè, pati politik ak otorite yo**. Pandan tout pwosesis la te genyen vyolans ak menas pou fè vyolans. Manke konviksyon ak konpòtman demokratik. Manke pwogram politik klè e ki antre nan deba ak sitwayen yo. Sa montre : menm moun ki kandida pou yon pozisyon politik nan Leta pa kwè nan eleksyon ; se pouvwa yo wè. Si jodi a yo blije reprann eleksyon an, pi fò kote se poutèt vyolans ki te genyen. Gwo jefò dwe fèt pou devlope yon « kilti demokratik » nan peyi a. (Nan yon sans, sitwayen ak siwayèn ayisyen yo te bay klas politik la yon bon leson demokrasi pandan tout pwosesis elektoral la menm).
- **Sanksyon yo**. Anpil kandida ak otorite te vyole dekrè elektoral la. Nou pa janm tande yo pale sou sanksyon. Premye fwa Komisyon an t ap mande pou yo aplike sanksyon kont moun ki t ap fè vyolans, sete nan deklarasyon 20 novanm 2005 la. Apre jounen 21 avril la, Komisyon an te mande pou yo aplike sanksyon yo jan Dekrè elektoral la prevwa sa. Nou andwa mande : *èske pwosesis la se yon pwosesis k ap ankouraje enpinite li ye ?* Dènye nòt pou laprès nou, nan dat 5 mas 2007, reprann koze sanksyon yo.
- **Peyi a bezwen enstitisyon ki fò epi ki gen kredibilite**. Nou fè konpliman pou kouray KEP la, ki te mennen pwosesis eleksyon an ; ki te pran tan koute chak kontestasyon ki rive jwenn li ; el. Nou regrèt mank koyerans ak tèt ansanm ki te genyen, epoutan ki ta dwe mak fabrik yon enstitisyon ki fò. Nou pa mande pou tout moun dakò sou tout bagay nan chak moman. Men gen fason pou jere diferans yo ki genyen nan yon gwoup moun ki dwe kolabore ansanm.

Obsèvasyon elektoral Komisyon an te vin posib gras ak konkou finansye patnè nou yo: Broederlijk Delen, Komisyon Ewopeyèn an ak Misyon Espesyal Oganizasyon Eta Ameriken / Seksyon Dwa Moun. Piblikasyon rapò yo fèt ak konkou finans Komisyon Ewopeyèn an. Se Komisyon Jistis ak Lapè sèlman ki reskonsab rezilta obsèvasyon an ak sa k ekri nan rapò yo.

Pwopozisyon pou fason yo dwe òganize eleksyon yo

1. Afè kat elektoral la CIN

Men ki sa n pwopoze :

- Pou Gouvènman an : li dwe mete sou pye yon sèvis Leta solid, efikas, ki genyen nan men l tout mwayen ki nesèsè pou pèmèt tout moun, gason kou fi, jwenn kat sitwayen yo yon fason regilye, san pa gen moman moun ki bezwen l pa kab jwenn li. Plizyè sèvis Leta dwe mele pou mete nouvo sèvis sa a sou pye, tankou : DGI (kontribisyon), Etasivil, KEP la, Ministè Lajistis, ...
- Pou sèvis k ap reskonsab KIN (Kat Idantifikasyon nasyonal la) : Lè yo kontinye bay kat sila a, nouvo sèvis la dwe voye je yon fason espesyal sou gwoup moun sa yo :
 - Moun k ap viv nan seksyon kominal yo ;
 - Jèn yo ki te vin majè pandan eleksyon yo t ap vanse. Fòk jèn sa yo kapab patisipe lè gen lòt eleksyon k ap fèt, tankou anvan finisman 2007 pou moso nan senatè yo.
 - Fòk li rezoud kesyon moun ki genyen anprent dwèt yo domaje.
- Fòk sèvis sa a anvan lontan kòmanse yon travay pou korije tout erè ki antre nan kat yo ki deyò yo kounye a, tankou :
 - Erè nan non yo
 - Erè nan lokalite yo kote moun yo abite
 - Erè nan dat lè moun nan fèt ak laj li genyen
 - Erè ki genyen nan foto yo.

Moun ki travay nan sèvis sa a e ki gen pou resevwa enfòmasyon yo nan men moun, dwe konn tout reyalite peyi a byen.

2. Oganizasyon ak dewoulman eleksyon yo

Men ki rekòmandasyon nou bay KEP la :

2. 1. Fòk yo fè yon bon evalyasyon sou tout aspè teknik nan òganizasyon eleksyon an.

2. 2. Yon fason espesyal, yo dwe gade sant vòt yo :

- Fòk yo chwazi yon pi bon kote pou òganize sant sa yo.
- Fòk yo chwazi kote ki pèmèt akeyi tout moun ki gen dwa vote yo.

De bagay sa yo mache souvan ansanm. Paske yo vle akeyi anpil moun nan yon sèl kote, yo chwazi espas ki pi gran an nan seksyon an. Men paske pa gen anpil kote konsa, epi se yon sèl sant ki genyen nan seksyon an, touswit sant la pa gen plas pou akeyi tout moun. Fòk yo ta kapab genyen plizyè sant pou regle zafè akèy la.

2. 3. Yo dwe gade lis elektoral yo :

- Obsèvatè yo te konstate anpil fwa lis yo pa t kab sèvi vre : yo pa t byen plase, yo te difisil pou moun konsilte yo pou divès rezon.
- Yo te konstate, ki jan lè anpil moun vin vote, epi anpil moun dwe konsilte yo menm lè a, yo pa vreman kab sèvi ak yo (se sa k te pase jou ki 7 fevriye).

- Lis yo dwe kòrèk. Fòk sitwayen yo kapab jwenn non yo.
- Kominikasyon pou fè elektè yo konnen ki jan yo kab jwenn BV yo pa t byen fèt. Intènèt pa rive tout kote, epi se pa tout moun ki sèvi ak li.

3. Edikasyon sivik la

Men ki sa n pwopoze tout moun ki travay nan domèn edikasyon popilè (KEP, edikasyon nasyonal, pati politik yo, ...) Yo dwe :

- Oganize fòmasyon sivik la yon fason regilye epi san rete, pa sèlman lè genyen eleksyon k ap fèt.
- Fòmasyon an dwe touche manm pati politik yo, moun ki eli, lekòl yo, tout kò sosyal la.
- Fòmasyon sila a pa dwe sèlman pale sou teknik eleksyon an : ki jan pou vote, teknik demokrasi ak vòt la ; men tou li dwe pale atitid yo ak mantalite fondamantal yo : tolerans ki dwe genyen, règ etik ak moral yo ki genyen nan yon demokrasi, sans demokrasi ak eta dedwa a genyen.
- Pati politik yo ta dwe konprann yon moman enpòtan pou fè edikasyon manm yo se lè y ap defini pwogram politik yo. Se moman pou edike manm yo ak kad yo. Konsa yo kore fòmasyon sivik tout sosyete a.

4. Fason yo konte vòt yo ak wòl BEK ak BED yo

Men ki sa n pwopoze pou KEP la :

- Pran mezi pou gen plis transparans nan fason yo konte vòt yo. Egzanp : yo ta kab pibliye rezilta chak BV sou Intènèt.

Pwopozisyon ki konsènen aktè yo anndan eleksyon yo

1. KEP la ak manm BV yo

Pwopozisyon pou KEP la :

- Veye pou manm BV yo konpetan epi pou yo pa travay anfavè yon pati politik.
- Fòk yo chwazi manm BV yo selon yon seri kritè sivik. Travay manm BV yo ta dwe pi plis yon sèvis sivik sitwayen yo rann kominote a.

2. Pati politik yo ak mandatè yo

Pwopozisyon pou pati politik yo :

- Prepare yon pwogram politik. Pati politik yo dwe prezante yon pwogram politik klè ; yo dwe konstwi yon fason demokratik nan nivo pati politik yo ; li dwe montre byen klè ki vizyon sou sosyete a yo genyen, ak mwayen politik y ap sèvi pou reponn gwo pwoblèm nasyon an ap travèse.
- Pati politik yo dwe kontwole kandida yo ak mandatè yo, epi pran responsablite pou fason y ap konpòte yo.

Pwopozisyon pou KEP la :

- Prezans mandatè pati politik yo anndan BV yo dwe òganize yon fason ki pi bon. KEP la dwe genyen yon kontwòl toutbon sou akreditasyon ki fèt yo.
- Dekrè (ou lwa) elektoral la dwe di pi klè nan ki kondisyon ak ki jan kontestasyon yo kab fèt. Sitou limit yo dwe pi klè.

3. Otorite ki gen tan pase nan eleksyon yo ak kandida yo

Pwopozisyon pou KEP la :

- Komisyon an mande pou yo aplike divès sanksyon yo gen tan prevwa yo nan Dekrè elektoral la kont tout moun ki t ap kreye twoublay nan eleksyon yo. Nou pa kab asepte pou nasyon an fè yon pakèt nouvo jefò ak sakrifis, tandiske otorite yo te chwazi nan Gran Kò Leta yo, kandida nan eleksyon an ak lidè politik kontinye ap kreye twoublay chak fwa yo panse y ap pèdi eleksyon an.
- Yo pa dwe pèmèt pou pati politik kontinye patisipe nan eleksyon, lè yo kapab montre manm yo, kandida yo ak eli yo se moun ki t ap twouble eleksyon yo.

4. Kesyon moun ki pa konn li ak ekri yo

Pwopozisyon pou KEP la :

- Komisyon an repete pwopozisyon li te kontinye ap fè toutan eleksyon t ap fèt nan divès deklarasyon piblik yo : Tout moun ki pou nenpòt rezon bezwen pou yo ede l pou l fè chwa li, fòk li kapab prezante nan BV a ak moun li menm te chwazi a. Konsa pa p gen diskisyon ant manm BV yo, ak mandatè yo, el. Sistèm sa a ap garanti sekre elektoral la pi plis posib, paske moun nan revele chwa li bay moun li menm te chwazi a sèlman.

5. Obsèvatè yo

Pwopozisyon pou KEP la :

- Fòk yo jere akreditasyon obsèvatè yo yon fason pi efikas e pi desantralize.

Pou fini :

KEP la deside reprann eleksyon nan plizyè kote nan peyi a, san l pa anonse sanksyon kont kandida, pati politik ak otorite ki lakòz eleksyon yo pa t kab fèt kòm sa dwa jou ki 3 desanm 2006 la. KEP la pa pran sanksyon. Nou denonse sa, paske se wòl li. Se pwòp Dekrè elektoral la ki mande l pou l fè l.

Kote KEP la pa pran sanksyon, sitwayen ak sitwayèn yo menm toujou genyen posiblite pou pran sanksyon kont kandida sa yo ki te bay prèv yo pa kwè nan demokrasi, ki pa ba l enpòtans, paske se sèl pouvwa ki konte pou yo, paske yo sèvi ak vyolans pou fè lòt yo asepte lide yo.